

## Kijan pou Verifye Si Viza Imigran Ou an Disponib

Sa yo se etap pou konnen si dat priyorite viza imigran ou an "aktyèl", sa vle di si viza imigran ou an disponib. **Se responsabiltè ou pou swiv lè viza imigran ou an disponib.** Si viza imigran ou an disponib epi peryòd liberasyon kondisyonèl ou a pa te ekspire, ou ka kalifye pou aplike pou yon Kat Vèt (rezidans pèmanan legal):

1. **Detèmine Dat Priyorite ou a.** Se dat ke Fòm I-130 apwouve ou an te depoze. Dat sa a parèt sou Fòm I-797 ke USCIS te pibliye pou demandè ou a lè Fòm I-130 lan te apwouve (refere ak "Dat Resi" a).
2. **Detèmine ki Kategori Preferans ou tonbe ladan sou baz definisyon an.** Se relasyon ant demandè Fòm I-130 ou a ak ou menm. Pa egzanp, si ou gen yon manman ki se sitwayen Ameriken ki te depoze yon Fòm I-130 pou ou, kòm pitit ki gen 19 li an, lè sa a, ou t ap tonbe nan "Kategori Preferans F1".

Preferans Kategori	Definisyon Kategori
F1	Pitit gason ak piti fi selibatè sitwayen Ameriken, ak timoun minè yo, si genyen
F2A	Konjwen ak timoun ki gen mwens pase 21 ane LPR.
F2B	Pitit gason ak pitit fi selibatè (21 ane oswa plis) LPR

Kategori Preferans	Definisyon Kategori
F3	Pitit gason ak pitit fi selibatè sitwayen Ameriken yo, ak konjwen ak pitit minè yo
F4	Frè ak sè sitwayen Ameriken yo, ak konjwen ak pitit minè yo, depi sitwayen Ameriken yo gen omwen 21 ane

3. **Ouvri Bilten Viza a.** Ouvri bilten viza Depatman Eta a nan <https://travel.state.gov/content/travel/en/legal/visa-law0/visa-bulletin.html>. Klike sou mwa "Bilten Viza Aktyèl" la.
4. **Jwenn Tab ou a.** Apre ou fin klike sou mwa a, jwenn tablo, "**Dat Aksyon Final pou Ajisteman Aplikasyon pou Estati Fanmi Sipòte**". (Amwenske sa endike yon lòt fason nan <https://www.uscis.gov/visabulletininfo>, ou dwe itilize tablo "Dat Aksyon Final pou Ajisteman Aplikasyon sou Estati Fanmi Sipòte". Otreman, ou ta dwe itilize tablo "**Dat pou Depoze pou Ajisteman Aplikasyon pou Estati Fanmi Sipòte**").
5. **Jwenn dat pou "Kategori Preferans Fanmi Sipòte".** Nan tablo a, lokalize Kategori Preferans ou (F1, F2A, F2B, F3, F4) ak dat ki koresponn anba "Tout Zòn pou Tarif yo Sof Sa yo ki sou Lis".
6. **Konpare dat sa a ak Dat Priyorite ou a.** Si Dat Priyorite ou a vini anvan dat sou tablo bilten an, lè sa a, viza imigran ou an disponib. Ou ka aplike pou yon Kat Vèt lè ou depoze Fòm I-485 lan.

Pa egzanp, si I-130 ou an te apwouve akòz ou se konjwen yon LPR, lè sa a, Kategori Preferans ou an se F2A epi w ap refere ak dat ki anba kolòn ki rele "Tout Zòn pou Tarif yo Sof Sa yo ki sou Lis". Gade kazye wouj la.

Family-Sponsored	All Chargeability Areas Except Those Listed	CHINA-mainland born	INDIA	MEXICO	PHILIPPINES
F1					
F2A					
F2B					
F3					
F4					

Si Dat Priyorite ou a se apre dat sou bilten an, lè sa a, viza imigran ou an poko disponib epi ou poko kalifye pou aplike pou yon Kat Vèt. Kontinye tcheke sou entènèt regilyèman pou jwenn lè ou kapab aplike pou yon Kat Vèt. Dat yo ki nan tablo a chanje chak mwa.